**दिन–रविवार** **दिनांक–22.09.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पटना, बेगूसराय, सारण आ मुंगेर समेत प्रदेशक बारह जिला मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। गंगा आ एकर सहायक नदीक जलस्तर मे भारी वृद्धिक कारणे बाढ़िक पानि निचला क्षेत्र मे प्रवेश कऽ गेल अछि। जाहि सँ तेरह लाखक आबादी प्रभावित भेल अछि। पटना, वैशाली आ बेगूसरायक दियारा क्षेत्र मे स्थिति खराब भऽ गेल। बेगूसरायक बलिया, मटिहानी आ तेघड़ा प्रखंड मे एक पैघ आबादीक पलायन भेल अछि। एम्हर, पटनाक दानापुर मे गंगा नदीक तटीय क्षेत्र मे बसल लोकसभ के सुरक्षित स्थान पर पहुँचाओल जा रहल छनि। प्रशासनक दिस सँ सामुदायिक भानसक व्यवस्था कयल गेल अछि। पशु सभ लेल सेहो आश्रय स्थल आ चाराक प्रबंध कयल जा रहल अछि। बाढ़िक प्रभाव भागलपुर–जमालपुरक बीच सड़क यातायात पर सेहो पड़ल अछि। बरियारपुर लऽग राष्ट्रीय उच्च–पथ संख्या अस्सी पर पानि अयबा सँ सड़क यातायात प्रभावित भेल अछि। बाढ़िक असरि रेल परिचालन पर सेहो पड़ल अछि। मुंगेर जिलाक रतनपुर लऽग गंगा नदीक पानि रेल पुलक अत्यंत करीब पहुँचि गेल अछि। किछु स्थान पर रेल गार्डरक ऊपर पानि बहि रहल अछि। स्थिति के देखैत जमालपुर–भागलपुर रेलखंड पर ट्रेन परिचालन रोकि देल गेल अछि। भागलपुर–दानापुर इंटरसिटी आ पटना–दुमका एक्सप्रेस सहित आठ रेलगाड़ीक परिचालन रद्द कऽ देल गेल अछि। जखनकि, बीस रेलगाड़ी के परिवर्तित मार्ग सँ चलाओल जा रहल अछि।

---

पड़ोसी राज्य मे बरखा मे कमी हेबाक कारणे गंगा, सोन आ पुनपुन नदीक जलस्तर मे बक्सर, पटना आ बेगूसराय मे कनेक कमी दर्ज कयल गेल अछि। मुंगेर मे नदीक जलस्तर स्थिर बनल अछि। जखनकि, भागलपुर आ कहलगाँव मे गंगा नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदी राज्य मे सभ स्थान पर लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। जखनकि, सोन नदी मे कमीक प्रवृति बनल अछि।

---

मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे भारी बरखा के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि क्रम मे प्रदेशक दक्षिण–मध्य आ पूर्वी भाग मे मेघगर्जनक संग तेज बरखा हेबाक आ ठनका खसबाक आशंका बनल अछि।

———————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के एक पत्र पठा कऽ भारत सरकार द्वारा अयोध्या सँ सीतामढ़ीक पुनौराधाम धरि बनि रहल राम–जानकी मार्गक काज मे तेजी लयबाक लेल संबंधित मंत्रालय के निर्देश देबाक अनुरोध कयलनि अछि। पत्र में मुख्यमंत्री अयोध्या सँ सीतामढ़ीक मध्य एक वंदेभारत ट्रेन चलेबाक अनुरोध सेहो कयलनि अछि। विदित अछि जे काल्हि सीतामढ़ी जिलाक पुनौराधामक पुनर्विकास सँ संबंधित समीक्षाक क्रम मे मुख्यमंत्री मंदिर परिसर मे सौंदर्यीकरणक काज के सुनियोजित तरीका सँ कराओल जयबाक निर्देश सेहो देने छलाह।

———————————————————

प्रदेशक स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय आइ पटना मे मुख्यमंत्री जन आरोग्य योजनाक शुभारंभ कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत प्रदेश मे करीब अंठावन लाख राशन कार्ड धारक के एकर लाभ भेटत। स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे राज्यक तीन सँ सवा तीन करोड़क ओहो आबादी एहि स्वास्थ्य सेवाक लाभ लऽ सकताह जे केन्द्र सरकार द्वारा संचालित आयुष्मान भारत योजना सँ वंचित छथि।

———————————————————

राजस्व आ भूमि–सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे प्रदेश मे चलि रहल जमीन सर्वे मे दस्तावेज के तैयार करबाक लेल रैयत के तीन मासक मोहलत देल जायत। एकर बादे सर्वेक काज शुरू होयत। पूर्णियां मे संवाददाता लोकनि के ओ जनौलनि जे एहि संबंध मे जल्दीए नोटिस जारी कयल जायत। दोसर दिस कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह सर्वे काज के बंद करबाऽ मांग कयलनि अछि।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आगामी उनतीस सितंबर के आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई कार्यक्रम आकाशवाणीक अतिरिक्त दूरदर्शन समाचार आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो दिन मे एगारह बजे प्रसारित कयल जायत। लोक एहि कार्यक्रम मे सम्मिलित हेबाक

लेल अपन विचार टॉल–फ्री नंबर –**एक आठ शून्य शून्य एक एक सात आठ शून्य शून्य** पर साझा कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

प्रदेश मे डेंगूक मामिला लगातार बढ़ि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे डेंगूक एक सय चालीस नव मामिलाक पुष्टि भेल।

———————————————————————

बिहार राज्य खेल प्राधिकरण आ पटना जिला प्रशासनक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित अंतर्जिला विद्यालय एथलेटिक्स बालिका वर्ग मे वैशाली जिलाक तीन बालिका के सिल्वर मेडल भेटलनि।

———————————————————————

समाप्त